



**Stamford Public Schools**

EXCELLENCE IS THE POINT.

# LEKÒL ETE 2023 KLAS 9YÈM-12YÈM

Kou ete pou elèv lekòl segondè yo ap fèt soti **20 jen jiska 28 jiyè**. Elèv yo ap gen posiblite pou yo **rekipere kredi nan kou yo te enskri deja yo**. Posiblite sa a disponib pou tout elèv lekòl segondè ki kalifye yo, kòmanse pa moun k ap antre nan klas 10yèm ane, jiska elèv k ap eseye fini klas 12yèm ane. Pou anpil elèv, sa ap bay kredi ki nesèsè pou gradyasyon an.

<b>Kote:</b>	Westhill High School 125 Roxbury Road Stamford, Connecticut 06902 203-977-4477
<b>Dat:</b>	20/6/2023- 28/7/2023
<b>Lè:</b>	8:00 a.m. - 12:00 p.m.
<b>Imèl:</b>	<a href="mailto:BOE-SummerSchool-Westhill@Stamfordct.gov">BOE-SummerSchool-Westhill@Stamfordct.gov</a>
<b>Sit entènèt Lekòl Ete SPS:</b>	<a href="https://www.stamfordpublicschools.org/schools/summer-school">https://www.stamfordpublicschools.org/schools/summer-school</a>

- LEKÒL ETE GRATIS
- Y AP BAY TRANSPÒ
- MANJE MATEN/ MANJE MIDI GRATIS A ANPÒTE

<https://www.myconferencetime.com/westhill/>

Lyen pou enskripsyon pa telefòn pou lekòl ete a **ouvè**  
13 jen a 7 am epi fèmen 14 jen a minwi.

**Enskripsyon an ap  
fèt AN-PÈSON nan  
WHS nan sant  
medya a. Paran yo  
pa oblije patisipe,  
men yo byenvini!**

**15 ak 16 jen  
10:00 a.m. - 4:00 p.m.**

**Nou pral ofri  
enskripsyon pou  
konferans nan  
telefòn.  
\* Plas limite  
disponib.**

**Vizite sit  
myconference la  
pou enskri pou  
opsyon enskripsyon  
nan konferans telefòn  
lan pou PARAN  
SÈLMAN!**



# Konferans telefòn pou Enskripsyon nan Lekòl Ete pou Lekòl Segondè 15 ak 16 jen

**Lekòl Segondè-Lekòl Ete** ap òganize konferans pou enskripsyon pa telefòn **15 ak 16 jen nan lè sa yo:**

- 8:00 am - 10:00 am
- 2:00 pm - 4:00 pm
- 5:30 pm - 7:30 pm

Enskripsyon pa telefòn se pou paran ki pa ka vini an pèsòn. Randevou konferans yo ap dire anviwon sis (6) minit.

Apati 13 jen a 7:00 am, ou ka pran yon randevou pou yon konferans ak nenpòt nan konseye lekòl ete yo enkli konseye ki pale Panyòl. Ale sou sit WHS myconference lan **<https://www.myconferencetime.com/westhill>**. Lè ou sou sit entènèt la, klike sou dosye Lekòl Ete a epi chwazi yon konseye ak yon orè.

**Tanpri sonje ke konseye lekòl la ap kontakte w sou nimewo telefòn ou bay la nan lè ou seleksyone a. Tanpri asire w ke ou reponn telefòn nan nan lè ou seleksyone a.**

***Kalandriye konferans yo ap fèmen 14 jen a minwi, pou bay konseye yo tan pou prepare yo. Tanpri pwograme tout konferans yo anvan lè sa a pou asire disponiblite. Randevou konferans pou enskripsyon nan lekòl ete pou lekòl segondè yo ap louvri 13 jen a 7 è am epi ap fèmen 14 jen a minwi.***

Tanpri kontakte email **[BOE-SummerSchool-Westhill@Stamfordct.gov](mailto:BOE-SummerSchool-Westhill@Stamfordct.gov)** si ou gen kesyon.